

Pangajaran Nganalisis Teks Prosedur Kompleks Ngagunakeun Media Bagan Kanggo Siswa Kelas XI SMAN 15 Bandung Taun Pangajaran 2018/2019

***diwangun ku
Yuli Yati***

RINGKESAN

*Maca mangrupikeun kagiatan alternatif pikeun ngawujudkeun akal, rasa, sarta pamikiran dina laku lampah diri ti pangarang. Pikeun sabagian jalma, maca ngajadikeun kagiatan nu gumbira, ku lantaran naon anu dibaca tiasa janten nambah wawasan nu luas. Salian ti eta, maca oge kalebet kana kagiatan panalungtikan dina salah sahiji teks. Ku sabab kitu, panulis ngaraos katarik pikeun ngalaksanakeun panalungtikan anu judulna “Pangajaran Nganalisis Teks Prosedur Kompleks Ngagunakeun Media Bagan Kanggo Siswa Kelas XI SMAN 15 Bandung Taun Pangajaran 2018/2019”. Masalah dina penelitian ieu nyaeta : (1) Naha mampu panulis ngarancangkeun, ngalaksanakeun, sarta meunteun pangajaran nganalisis teks prosedur kompleks ngagunakeun media bagan kanggo siswa kelas XI SMAN 15 Bandung? (2) Naha mampu siswa kelas XI BB2 SMAN 15 Bandung ngalaksanakeun pangajaran nganalisis teks prosedur kompleks ngagunakeun media bagan? (3) Naha efektif media bagan digunakeun pikeun pangajaran nganalisis teks prosedur kompleks? Panalungtikan ieu gaduh tujuan pikeun nguningakeun kamampuan panulis, kamampuan siswa, sarta kaefektifan media bagan dina pangajaran nganalisis teks prosedur kompleks ngagunakeun media bagan kanggo siswa kelas XI SMAN 15 Bandung. Dumasar hasil olahan data panalungtikan anu penulis pidamel, cindeukna sapertos kieu. Panulis mampu ngarancangkeun, ngalaksanakeun, sarta meunteun pangajaran nganalisis teks prosedur kompleks ngagunakeun media bagan kanggo siswa kelas XI SMAN 15 Bandung. Hal ieu dibuktikeun ku hasil anu penulis kening dina sasadiaan pangajaran kening peunteun 3,56 kalebet kategori sae pisan. Siswa kelas XI BB2 SMAN 15 Bandung ngalaksanakeun pangajaran nganalisis teks prosedur kompleks ku hasil anu tepat. Hal ieu tiasa dibuktoskeun tina hasil nilai rata-rata pretes nyaeta 45,31 sarta nilai rata-rata postes 79,41. Paningkatanna saageung 34,13. Jadi, selisih nilai rata-rata pretes jeung nilai rata-rata postes nyaeta 34,13. Media bagan efektif digunakeun dina pangajaran nganalisis teks prosedur kompleks ngagunakeun media bagan. Hal ieu dibuktikeun tina hasil itungan statistik jeung hasil *t*hitung nyaeta 10,94 *t*tabel 2,05 pikeun tingkat kapercayaan 95% taraf signifikan 5% jeung darajat perbedaan 28. Dumasar uraian eta, cindeukna nyaeta pangajaran nganalisis teks prosedur kompleks ngagunakeun media bagan kanggo siswa kelas XI SMAN 15 Bandung aya paningkatan.*

Kecap Konci : Pangajaran, nganalisis, teks prosedur kompleks, media bagan